# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–16 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

संघ लोकसेवा आयोग आजु सिविल सर्विसेज परीक्षा–दुइ हजार तेइस क आखिरी रेजल्ट घोषित कइ दिहल हवे। कुलि एक हजार सोरह अभ्यर्थी येह परीक्षा में सफल भइल हवे। लखनऊ क आदित्य श्रीवास्तव येह परीक्षा में अखिल भारतीय स्तर पर पहिला जगहि पवले हवे जबकि महराजगंज क ऐश्वर्यम प्रजापति के दसवां अउर अम्बेडकर नगर क आकाश वर्मा के बीसवां रैंक मिलल हवे। येह बेरि एक सौ अस्सी अभ्यर्थियन क चुनाव भारतीय प्रसासनिक सेवा आ दुइ सौ ओम्मेदवारन क चुनाव भारतीय पुलिस सेवा बदे भइल हवे।

**********

भारतीय जनता पारटी लोकसभा चुनाव बदे प्रदेस में आजु दुइ गो अउरियों संसदीय क्षेत्रन से ओम्मेदवारन क घोसणा कइ दिहले हवे। पारटी देवरिया से शशांक मणि त्रिपाठी अउर फिरोजाबाद से ठाकुर विश्वजीत सिंह के ओम्मेदवार बनवले हवे। एकरे सथहीं भाजपा प्रदेस में विधानसभा के खाली सीटिन बदे आजु चार विधानसभा क्षेत्रन से ओम्मेदवारन के नाव क घोसणा कइले हवे। पारटी ददरौल से अरविन्द सिंह, लखनऊ पूर्व से ओपी श्रीवास्तव, गैंसड़ी से शैलेन्द्र सिंह शैलू अउर दुद्धी सुरक्षित सीट से श्रवण गौड़ के ओम्मेदवार बनवले हवे। ओहर कांग्रेस लखनऊ पूर्व विधानसभा सीट पर मुकेश चौहान के ओम्मेदवार बनवले हवे। बहुजन समाज पारटियों लोकसभा ओम्मेदवारन क आपन पंचवा सूची जारी कइले हवे। पारटी मैनपुरी से शिव प्रसाद यादव, बदायूं से मुस्लिम खान, बरेली से छोटेलाल गंगवार, सुल्तानपुर से उदयराज वर्मा, फर्रूखाबाद से क्रान्ति पाण्डेय, बांदा से मयंक द्विवेदी, डुमरियागंज से ख्वाजा शमसुद्दीन, जौनपुर से श्रीकला सिंह, गाजीपुर से उमेश कुमार सिंह, वाराणसी से अतहर जमाल लारी, के ओम्मेदवार बनवले हवे।

**********

प्रदेस में लोकसभा चुनाव के लेके कइ गो राजनीतिक दलन के प्रमुख नेता चुनाव प्रचार तेज कइ देहले हवे। मुख्यमंत्री आ भाजपा क सीनियर नेता योगी आदित्यनाथ आजु नगीना लोकसभा सीट से भाजपा ओम्मेदवार ओम कुमार बदे बिजनौर के नहटौर में जनसभा कइले। येह मौका पर श्री योगी कहले कि सही दिसा मे कइल गइल एक ओट देस क तकदीर अउर तसबीर बदल देला। जबकि गलत दिसा में कइल गइल ओट पहचान क संकट खड़ा करेला। योगी आदित्यनाथ आजु सहारनपुर में पारटी प्रत्याशी बदे रोड सो भी कइले। बसपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष मायावतियों आजु बिजनौर में चुनावी जनसभा के संबोधित कइली। उहां के कहली की जब बसपा पूरा बहुमत से सत्ता में आइल रहल त विरोधी दल घबरा गइल रहले अउर उहां के छोट–छोट संगठन बना के बहुजन समाज के अलग कइले क कार कइले। मायावती बिजनौर से बसपा ओम्मेदवार विजेन्द्र सिंह अउर नगीना से सुरेन्द्र पाल क जितवले क अपील कइलिनि। ओहर आजु मैनपुरी में समाजवादी पारटी क ओम्मेदवार डिम्पल यादव क नामांकन दाखिल करावे पहुचल सपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव भारतीय जनता पारटी पर निसाना सधले। उहां के कहली कि आपन हार छिपावे बदे भाजपा चार सौ पार क नारा दे रहल हवे। अखिलेश यादव महंगाइ क मुद्दा पर भाजपा सरकार के बिफल बतवले।

**********

लोकसभा चुनाव में मतदान प्रतिसत बढ़ावे खातिर प्रदेस के कई गो जिलन में लगतारे मतदाता जागरूकता क कई गो कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल हवे। बनारस में आजु राजकीय स्कूल हरहुआ में पोस्टर प्रतियोगिता क आयोजन कइ के सौ फीसदी मतदान करे क अपीलि कइल गइल। जौनपुर में रासन के दोकानिनि पर आवे वाले लोगिन के सौ फीसदी ओट डारे खातिर प्रेरित कइले के सथहीं मतदाता सपथो दियावल जा रहल हौ।

**********

चइत नवरातर के अस्टिमी तिथि पर आजु सरधालु मां आदिसक्ति क अठवां स्वरूप महागौरी क विधिवत आराधना कइ रहल हवें। येह मौका पर आजु भोरवें से प्रदेस के सज्जो प्रमुख देवी मंदिरन पर सरधालुअन क तांता लागल बा। अस्टिमी तिथि पर मिर्जापुर स्थित प्रसिद्ध सक्तिपीठ विन्ध्याचल में बड़हन संख्या में सरधालु लाइनि लगा के दरसन–पूजन कइ रहल हवें। भारी भीड़ि के देखत एहवां सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल हौ। बनारस के अन्नपूर्णा माता मंदिर में आजु भिन्नहियें से सरधालु महागौरी स्वरूपा माता अन्नपूर्णा क दरसन–पूजन कइ रहल हवें। ओहर बलरामपुर के देवीपाटन सक्तिपीठ, गोरखपुर के चौरी–चौरा के तरकुलहा माता मंदिर, कुसमी जंगल के बुढ़िया माई मंदिर, महरागजं जिला के लेहड़ा देवी मंदिरनों पर सरधा अउर आस्था क उछाह हवे।

**********

अजोध्या में बिहने मनावल जाये वाला रामनौमी के भव्य बनावे खातिर श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट जोरदार तइयारी कइले हवे। येह मोका पर काल्हि दुपहरिया बारह बजि के सोरह मिनट पर भगवान रामलला क सूर्य के किरण से तिलक कइलहू क इंतिजाम कइल गइल हवे। राम जनमोत्सव के समय रामलला के छप्पन व्यंजन क खास भोग लगावल जाई। श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क महासचिव चंपत राय बतवलें कि रामनौमी पर होखे वाला सज्जो कार्यक्रमन क सजीव प्रसारण अजोध्या नगर निगम क्षेत्र में अस्सी से बेसी जगहिनि पर एलईडी स्क्रीन के जरिया से करावल जाई।

**********